# UJIAN MADRASAH

**TAHUN PELAJARAN 2021/2022**

| | |
|---|---|
| Mata Pelajaran | : Bahasa Sunda |
| Hari/T anggal | : Minggu, 00 Maret 2022. |
| Kelas | : XII |
| Waktu | : 08.00 s.d 10.30 WIB |

**PETUNJUK PENGERJAAN :**

1. Bacalah Basmalah sebelum menjawab pertanyaan
2. Kerjakanlah soal yang mudah terlebih dahulu
3. Bacalah Hamdallah setelah selesai menjawab semua soal
4. Bekerjalah dengan penuh kejujuran dan rasa tanggung jawab

**I. Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat pada pilihan A, B, C, D dan E di bawah ini!**

1. "Girang pangajén anu ku sim kuring dipiajrih"
"Ibu kalih bapa anu samirawuh"

Tina sempalan biantara di luhur aya kecap girang pangajén. Éta kecap téh sarua hartina jeung .....
A. pamingpin D. jalma anu biantara
B. pupuhu E. moderator
C. dewanjuri

2. Nyarita silih témpas antara palaku dina drama, disebut .....
A. monolog D. dialog
B. prolog E. biantara
C. epilog

3. Nyarita sorangan dina drama, disebut .....
A. epilog D. opra
B. prolog E. dialog
C. monolog

4. Baca sempalan wacana ieu di handap!
Upacara sérén taun dilaksanakeun unggal tanggal 22 Bulan Rayagung. Biasana éta acara dilaksanakeun di Cagar Buadaya Nasional. Dilaksanakeunana éta acara pikeun ngebréhkeun rasa sukur masarakat Cigugur Kuningan, salaku masarakat agraris ka Nu Maha Kawasa. Tumarima kana sagala kani'matan jeung kaberkahan, bari jeung miharep sangkan dina waktuna nu baris datang hasil panénna leuwih mucekil.

Jejer atawa pikiran poko nu aya dina sempalan wacana di luhur nya éta .....
A. cagar budaya nasional
B. unggal tanggal 22 rayagung
C. upacara sérén taun
D. masarakat agraris
E. masarakat cigugur kuningan

5. Drama anu dialogna wangun kawih, silih témpas antara dua atawa tilu kelompok disebut .....
A. purnadrama D. pantonim
B. séndratria E. dramaswara
C. tunil

6. Drama anu teu ngagunakeun dialog tapi suasana caritana jeung watek palakuna digambarkeun ku gerak awak, nya éta .....
A. tablo D. pantonim
B. séndratria E. opra
C. tunil

7. Baca sempalan wacana ieu di handap!
Kacaturkeun tapana arjuna teh aya dua taunna langkung.Hiji mangsa aya kajantenan aheng.Salira Arjuna ngempur cahayana lir emas sinangling, tandaning arjuna manjing harkat jalma suci.Ku Hyang tunggal, tatapana ditarima. Malah kalungguhanana oge tos disaharkatkeun sareng para resi lan bagawan.

Sempalan carita di luhur kaasup kana kelompok carita
A. novel D. wayang
B. carpon E. guguritan
C. wawacan

8. Baca ungkara ieu di handap kalayan daria!
Alhamdulillah, acara parantos rengse dilaksanakeun. Sateuacana sim kuring pamit kalayan asmana calagara neda dihapunten tina sumadaya kelipatan sareng kekirangan. Hatur nuhun tina samukawis perhatosana.

Ungkara di luhur mangrupikeun bagian tina biantara .....
A. bubuka D. panutup
B. sanduk-sanduk E. salam panutup
C. salam bubuka

9. Hujan deras membuat Sungai Citarum meluap dalam beberapa hari ini. Hujan deras sarua hartina jeung .....

Copyright © 2022 www.ilmuguru.org | Lengkap Administrasi Guru SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK dan Soal-Soal

A. hujan gedé
B. hujan angina
C. hujan tarik
D. hujan kacida
E. hujan ngagelebug

10. Carita atawa dongéng anu ngandung unsur sajarah local disebut .....
A. mitos
B. legenda
C. parabel
D. fabel
E. babad

11. Salian ti informatif, artikel agé miboga udagan rékréatif anu maksudna .....
A. ramé
B. ngahibur
C. ngayakinkeun
D. méré nyaho
E. mangaruhan

12. Sacara gurat badag babon carita wayang téh sumber asalna tina dua pabukon nya éta .....
A. wayang Cina jeung Jepara
B. Ramayana jeung Kurawa
C. wayang orang jeung wayang kulit
D. Mahabarata jeung Ramayana
E. wayang golék jeung wayang kulit

**Baca sampelan cerpen ieu di handap, pikeun soal no 13 – 14!**

**Kahirupan Nini Jumsih**

Hujan ngayer ti asal mula.Hujan gede nu dibarengan ku angina anu ngagelebug nepi ka janari. Parat sapeuting eta, Nini jumsih teu sare sakejep-sakejep acan. Teu kaur ngalenyap, kaganggu ku tiris tina kenteng balocor. Kaganggu ku hawa anu pating sulusup moncor tina liang-liang bilik anu carangcang jeung anggang. Abong imah ruruntuk, tur pangeusi pangawak ukur sabeulah, teu kaduga uma-ome.

13. Suasana naon anu kagambar dina éta carpon anu judulna Kahirupan Nini Jumsih téh .....
A. cangcaya
B. sungkawa
C. ngangluh
D. alum
E. honcéwang

14. Dimana latar kajadian dina sempalan carita pondok di luhur tadi .....
A. di lembur
B. di rohangan
C. di imah
D. di desa
E. di kebon

15. Ieu di handap téh sawatara mangfaat biografi atawa otobiografi, iwal .....
A. sarat pikeun ngalamar pagawean
B. dokumen sajarah
C. tuturus pikeun anu maca
D. pangéling-ngéling kana jasa hiji jalma
E. babagi pangalaman hirup

16. Kaganggu ku tiis tina kenténg anu balocor. Kaganggu ku hawa anu pating salusup moncor tina liang-liang bilik anu carangcang jeung anggang.

Kalimah di luhur kaasup kana gaya basa .....
A. rautan
B. rarahulan
C. ngasor
D. lalandihan
E. mijalma

17. Karangan dina wangun ugeran (puisi) anu pondok sarta mangrupa wangun pupuh di sebut .....
A. guguritan
B. pupuh
C. pupujian
D. novel
E. sajak

18. Jumlah réana engang dina unggal padalisan dina pupuh di sebut .....
A. sanggian
B. arasemén
C. guru lagu
D. guru wilangan
E. témpo

19. Jumlah pupuh sekar ageung nya éta .....
A. 4
B. 2
C. 17
D. 16
E. 8

20. Pupuh dangdanggula kagolong kana pupuh sekar .....
A. ageung
B. alit
C. pinilih
D. akhir
E. silih asih

21. Ieu di handap watek pupuh ladrang .....
A. banyol
B. birahi
C. napsu
D. nalangsa
E. gumbira

22. Ajen inajen budaya
Keur ngasah budi pekerti
Sanajan geus robah jaman
Sing bisa ngigelan diri

Rumpaka di luhur mangrupa sempalan tina pupuh.....
A. kinanti
B. sinom
C. priangan
D. ladrang
E. gurisa

23. Wawacan Panjiwulung dikarang ku .....
A. R. Memed Sastrahadiprawira
B. R.A.A. Martanagara
C. R. Soeriadireja
D. M.A. Salmoen
E. R. H. Moehamad moesa

24. Mindahkeun tulisan batur tur diaku karya sorangan, disebut .....
A. pagiat
D. plagion

Copyright © 2022 www.ilmuguru.org | Lengkap Administrasi Guru SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK dan Soal-Soal

B. pegiat
E. plagiat
C. plagat

25. Manuk lindeuk di buruan
Kuring bati panas ati,

Wangsalna nya éta .....
A. cipati
D. ati
B. tikukur
E. japati
C. bati

26. Jenis sisindiran anu kecapna ampir padeukeut nya éta .....
A. wawangsalan
D. sesebréd
B. paparikan
E. teteguhan
C. rarakitan

27. Aya carita ‘Nyi Roro Kidul” sumebar di masaraka. Carita saperti kitu kaasup kana dongéng .....
A. parabel
D. mite
B. legenda
E. babad
C. sage

28. Mihape sisir jeng minyak
Kade kaancloman leungeun
Mihape piker jeung ....
Kade kaangsonan .....

Lengkepan padalisan sisindiran di luhur tadi .....
A. deungeun, niat
D. niat, tékad
B. niat, leungeun
E. niat, niat
C. niat, deungeun

29. Padalisan hiji jeung dua, dina sisindiran di luhur kagolong kana .....
A. cangkang
D. engang
B. eusi
E. guruwilangan
C. baris

30. Panghulu fungsina nya éta ngarobah .....
A. Sora /A/ jadi /I/
D. Sora /A/ jadi /O/
B. Sora /A/ jadi /U/
E. Sora /A/ jadi /EU/
C. Sora /A/ jadi /E/

31. Nambahan sora /+h/ dina tungtung aksara ngalagena di sebut .....
A. paneuleung
D. panglayar
B. pamepet
E. panyecek
C. pangwisad

32. Rupa-rupa karakter tokoh dina dongeng ngawarnaan kana lumangsungnalalakon jeung cirri husus hiji dongeng.

Palaku atawa tokoh hiji dongéng anu miboga karakter sarakah nya éta .....
A. Sikabayan jeung Pamajikanna
B. Nyi Endit jeung Purbararang
C. Sangkuriang jeung Dalem Boncél
D. Sakadang Kuya jeung Sakadang Monyét
E. Irtasan jeung Anakna

33. Baca kalimah ieu di handap!
**ES LILIN**
***Karangan Ibu Mursih***

Es lilin mah (dunungan) kalapa muda
dibantun mah (dunungan) ka Sukajadi
abdi isin dunungan samar kaduga
sok sieun mah aduuh henteu ngajadi

Es lilin mah .... didorong-dorong
dibantun mah ..... dibantun ka Sukajadi
abdi isin ceuceu samar kaduga
sok sieun mah aduuh henteu ngajadi

Es lilin mah ceuceu buatan Bandung
dicandakna geuning ka Cipaganti
abdi isin jungjunan duh bararingung
sok inggis mah aduuh henteu ngajadi

Itu saha dunungan nu nungtun munding
digantelan geuning ku saputangan
itu saha dunungan ku ginding teuing
sing horeng mah aduh geuning jungjunan

Purwakanti dina pada kawih és lilin di luhur nya éta .....
A. A,I,U
B. A,I,A,I
C. M,S,K,D
D. muda, Sukajadi, kaduga, ngajadi
E. O,U,I,A

34. Baca ieu sisindiran kalawan daria!
Kéjo béar patulayah
Dijual paréna abé
kajéun dahar karo uyah
Asal jeung manéhna baé

Sisindiran di luhur dumasar eusina kagolong kana.....
A. piwuruk
D. paparikan
B. sesebréd
E. wawangsalan
C. silihasih

35. Baca sempalan novel ieu di handap!
**Baruang ka nu Ngarora**
Barang bréh Nyi Dampi nénjo Nyi Rapiah datang ka bengong, bet jadi geulis kabina-bina. Bijil cahaya meni mancur. Turug-turug geus lila teu papanggih. Baréto mah can bisa ngomé manéh . Ngomong dina jero atina, “Sameureun Aom Kusman mani kokolopokan palay ka Nyi Rapiah, da sakie geulisna.”

Unsur intrinsik anu bisa dianalisis tina sempalan novel di luhur nya éta .....

Copyright © 2022 www.ilmuguru.org | Lengkap Administrasi Guru SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK dan Soal-Soal

A. jejer
B. galur
C. amanat
D. palaku
E. latar

36. Pek ku hidep baca mantra ieu di handap!
Bismillah
Otak encer lir paser jamparing
Panon seukeut lir panon heulang
Hate ngagebray caang lir sarangenge
Biwir matuh saciduh metu saucap nyata
Bray paninggal pinuh ka awaking

Mantra di luhur téh kagolong kana .....
A. asihan
B. ajian
C. singlar
D. jampé
E. jangjawokan

37. Ngajén atawa menteun kana hiji karya, saperti buku, film atawa pintonna drama jeung music (konser), disebut .....
A. aprésiasi
B. eksprési
C. resensi
D. esey
E. kritik

38. Pek ku hidep baca teks warta ieu di handap!
** Pamiarsa/ tanggara pasundan dinten ieu/ urang cekapkeun dugi ka dieu// aya saurti sepuh urang// "di nu kuwari ngancik nu bihari"// seja ayeuna sampeureun jaga"//mugia janten lenyepaneun kanggo urang sadaya// ngawakilan nu ngokolakeuntanggara pasundan/ sim kuring pun grace paula veronica/ seja amit mungkur amitmundur//
**wassalamualaikum wr.wb// hurip sunda!//

Sempalan teks warta di luhur mangrupa bagian tina .....
A. eusi
B. judul
C. bubuka
D. waruga
E. pamungkas (end)

39. Tulisan ngeunaan kahirupan saurang jalma, disebut .....
A. Géografi
B. Monografi
C. Biografi
D. Otobiografi
E. Leksikografi

40. Laporan jurnalistik mah ilaharna ditulis ku .....
A. panalungtik
B. siswa
C. guru
D. wartawan
E. penyiar

41. Nyarita dihareupeun balarea kalawan ngagunakeun aturan jeung tatakrama anu tangtu, disebut .....
A. Warta
B. Bewara
C. Biantara
D. Sawala
E. Wawancara

42. Assalamualaikum,wr.wb.
Alhamdulillahilladzi arsala warosullahu bilhuda wa dinil haq, liyudhirohu ala diini kullihi walao karihal Musrikun.Ashaduanla illaaha illaloh.waashadu anna Muhammadurrosululloh.

Ungkara kalimah diluhur kaasup kana bagian .....
A. Salam biantara
B. Bubuka biantara
C. Eusi biantara
D. Salam panutup
E. Panutup biantara

43. Hadirin anu kusim kuring dipihormat,
Puji sinareng sukur urang panjatkeun ka Allah SWT anu parantos maparin kanikmatan sareng kasehatan ka urang sadayana, kukituna urang tiasa patewung lawung paamprok jonghok dina kaayaan sehat wal afiyat.
Ungkara diluhur kaasup kana bagian .....
A. Salam biantara
B. Bubuka biantara
C. Eusi biantara
D. Salam panutup
E. Panutup biantara

44. Jalma anu biasa pidato dihareupeun balarea disebutna .....
A. Orator
B. Narator
C. Deklamator
D. Diktator
E. Psikomotor

45. Dihandap sawatara hal anu kudu diperhatikeun dina nalika biantara,iwal .....
A. Sora kudu tarik jeung jelas
B. Make papakean weuteuh
C. Artikulasina kudu bentes
D. Gestur sawajarna ulah dijieun-jieun
E. Nepikeun biantara kudu sistematis

46. Nepikeun biantara ku cara ningali kana sakur anu ditulis disebut tehnik .....
A. Tehnik Ekstemporan
B. Tehnik Impromtu
C. Tehnik Maca teks
D. Tehnik nalar/ngapalkeun
E. Tehnik wawancara

47. Nepikeun biantara ku cara nulis gurat badagna hungkul, disebut tehnik .....
A. Tehnik Ekstemporan
B. Tehnik impromtu
C. Tehnik maca teks
D. Tehnik nalar/ngapalkeun

Copyright © 2022 www.ilmuguru.org | Lengkap Administrasi Guru SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK dan Soal-Soal

E. Tehnik wawancara

48. Nepikeun biantara ku cara ngadadak tanpa persiapan heula disebut tehnik .....
A. Tehnik ekstemporan
B. Tehnik impromtu
C. Tehnik maca teks
D. Tehnik nalar/ngapalkeun
E. Tehnik wawancara

49. Hadirin anu ku sim kuring dipihormat,
Ngadegna sim kuring di ieu tempat seja biantara ngeunaan perluna ngamumule budaya sunda.Sakumaha anu ku urang ka uninga kiwari budaya sunda teh geus mulai kalindih ku budaya barat.

Ungkara kalimah biantar diluhur kaasup kana bagian .....
A. Salam bubuka
B. Bubuka biantara
C. Eusi biantara
D. Salam panutup
E. Panutup biantara

50. Rupina mung dicekapkeun sakitu biantara ti sim kuring, hapunten bilih aya kekecapan anu kirang merenah, bobo sapanon carang sapakan,luhur saur bahe carek,mugi kersa ngahapunten.

Ungkara kalimah biantara diluhur kaasup kana bagian .....
A. Salam bubuka
B. Bubuka biantara
C. Eusi biantara
D. Panutup biantara
E. Salam panutup

Copyright © 2022 www.ilmuguru.org | Lengkap Administrasi Guru SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK dan Soal-Soal

**KUNCI JAWABAN**

| JAWABAN | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| A | | | | | | | | | √ | | | | | | √ | √ | √ | | √ | √ |
| B | | | | | | | | | | | √ | | √ | √ | | | | | | |
| C | √ | | √ | √ | | | | | | | | | | | | | | √ | | |
| D | | √ | | | | √ | √ | √ | | | | √ | | | | | | | | |
| E | | | | | √ | | | | | √ | | | | | | | | | | |

| JAWABAN | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | 32 | 33 | 34 | 35 | 36 | 37 | 38 | 39 | 40 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| A | √ | | | | | | | | √ | | | | | | √ | | | | | √ |
| B | | √ | | | | √ | | | | √ | | √ | √ | | | | | | | |
| C | | | | | | | | √ | | | √ | | | √ | | | √ | | √ | |
| D | | | | | | | √ | | | | | | | | | √ | | | | |
| E | | | √ | √ | √ | | | | | | | | | | | | | √ | | |

| JAWABAN | 41 | 42 | 43 | 44 | 45 | 46 | 47 | 48 | 49 | 50 | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| A | | | | √ | | | √ | | | | | | | | | | | | | |
| B | | √ | √ | | √ | | | √ | | | | | | | | | | | | |
| C | √ | | | | | √ | | | √ | | | | | | | | | | | |
| D | | | | | | | | | | √ | | | | | | | | | | |
| E | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |

**ESSAY!!!**

Copyright © 2022 www.ilmuguru.org | Lengkap Administrasi Guru SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK dan Soal-Soal